

# CREOLE PARTICIPANT ACCESS FLORIDA EBT CARD SPOT DCF VERSION

Video

Audio

<p>Access Florida EBT card graphic Mom and daughter hugging Grocery, shopping cart with food Approved items</p> <p>Prohibited items</p> <p>Close up hands card exchange Close up hands card for cash exchange Fraud/Felony graphic</p> <p>Guard Your Card graphic Access Florida EBT card graphic Six Do's &amp; Don'ts bullet point graphics</p> <p>Sad child staring DCF infographic</p>	<p>Sa-a sé kat ACCESS EBT Florida-ou. Chak moi yo ap bay ou benefis asistans manje ou sou kat sa pou ede ou nan yon tan ekonomikman difisil pa ede fanmi ou avec depans manje chak mwa. Avèk benefis asistans manje ou, ou ka achte:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• pen ak sereyal</li> <li>• fwi ak legim</li> <li>• vyann pwason ak bet volay</li> <li>• pwodwi ki gen lèt</li> <li>• grenn yo ak plant pou ou grandi manje pwop ou-a</li> </ul> <p>Ou pa ka itilize benefis asistans manje ou-a pou achte:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• byè, diven, likè, sigarèt, oswa tabak</li> <li>• manje pou bèt, savon, pwodui papye, oswa founiti pou la kay</li> <li>• vitamin ak lòt medikaman</li> <li>• manje ki pral manje nan magazen an</li> <li>• ni manje ki cho</li> </ul> <p>Benefis asistans manje yo pa kapab pataje, ni yo ka fè echanj pou lajan kach, ni fè kòmès pou lòt byen you ak sèvis. Vyole tout restriksyon sa yo se fwod, epi yo kapab chaje ou avek yon gro krim.</p> <p>Pou veye kat ou kont vòl ak abi:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Pa ekri nimewo PIN ou sou kat ACCESS la</li> <li>• kenbe kat ou ak nimewo PIN nan yon kote ki an sekirite</li> <li>• pa kite kat ou-a ak détaillants</li> <li>• pa ni prete ne bay kat ou-a a lòt moun pou sèvi ak yo</li> <li>• pa bay enfomasyon sou benefis nan a yon moun ki rele ou min ou pa konnin</li> <li>• notifiye DCF le ou gen yon chanjman adrès</li> </ul> <p>fennen mizik</p>
--	---